



Lè ou sibi yon pèt sa ka lakòz estrès epi fè ou bwouye. Rapò yon reklamasyon pa ta dwe konsa. Rapòte reklamasyon w' lan bay Citizens **sou Entènèt** atravè myPolicy nan www.citizensfla.com/mypolicy, nan telefòn nan **866.411.2742** (disponib 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt) oswa dèke ou vin konnen oswa sispèk domaj nan pwopriyete w' ki asire.

Citizens pran angajman pou reponn rapidman pou katastwòf yo epi bay sèvis ak sipò lokal pou moun asire yo ki nan yon sitiyaasyon kriz. Lè yon katastwòf rive, Citizens aktive yon ekip manadjè, estaf sipò ak ajistè ki gen eksperyans nan jere evènman katastwofik ak reklamasyon domaj yo vin lakòz.

Si sa gen sekirite, pwoteje pwopriyete ou kont plis domaj epi pwoteje kay ou:

- Pran foto oswa videyo zòn ki andomaje yo anvan o fè reparasyon tanporè oswa anvan ou retire atik yo.
- Pwoteje pwopriyete ou kont plis domaj.
- Fè envantè atik ki andomaje yo epi kenbe li nan yon kote ki an sekirite pou ajistè Citizens ou a kapab enspekte yo.
- Kenbe fakti pou depans sibsistans siplemantè ak pou tout reparasyon yo.
- Pataje enfòmasyon kontak ou avèk ajan ou epi ajistè ou.
- Byenke gen tantasyon pou fè reparasyon yo kòmanse touswit, pa siyen anyen anvan ou konsilte Citizens oswa ajan ou la



Need to report a claim? Contact Citizens First

Report it online via myPolicy at
www.citizensfla.com/mypolicy
24 hours a day, seven days a week
866.411.2742

Scan QR code to
report online



This brochure is for informational purposes. In the event of any inconsistency between this brochure and your insurance policy, the terms of the insurance policy control.

La version en Español esta disponible en www.citizensfla.com/brochures.

Vèsyon kreyòl ayisyen an disponib sou Entènèt www.citizensfla.com/brochures.



Citizens Property Insurance Corporation
866.411.2742
www.citizensfla.com

10/23

Reklamasyon Kay Mobil apre yon Siklòn



Rapòte reklamasyon w' lan anvan ou kòmanse nenpòt reparasyon anrapò ak reklamasyon an. Ou ka rapòte yon reklamasyon bay Citizens, gratis, anvan menm ou konnen tout dimansyon domaj yo.

Sa ou pral bezwen:

- Nimewo kontra a (disponib sou kat ID moun asire a ak sou premye paj kontra asirans ou a)
- Enfòmasyon kontak, ansanm ak nenpòt adrès ak/oswa nimewo telefòn tanporè
- Deskripsyon dega yo

W'ap resevwa yon nimewo reklamasyon ak enfòmasyon pou kontakte ajistè reklamasyon Citizens ou a. Ajistè Citizens ou a pral rele w' pou diskite sou degre domaj yo nan pwopriyete w' la epi deside ki pi bon opsyon pou reklamasyon w' lan. Pwosesis sèvis reklamasyon nou an fèt pou akselere evalyasyon ak rezolisyon reklamasyon w' lan, kèlkeswa degre domaj la.

Pandan pwosesis reklamasyon an, Citizens triye reklamasyon yo soti nan Gravite 1 (domaj minè) pou rive nan Gravite 5 (pèt total). Yo asiye pèt Gravite 1 ak 2 yo bay yon ekip entèn ajistè akselere 'Fast Track' ki ka evalye ak konkli sèvis reklamasyon nan telefòn ak entènèt. Yo asiye pèt Gravite 3, 4 ak 5 bay yon ekip espesyalize kay mobil, epi pifò egzije yon enspeksyon pwopriyete w' la sou plas. Nan kèk ka kote domaj tanpèt yo grav sifizaman, pwosesis apre tanpèt la senplifye kote imajri ayeryen pwopriyete a demontre ke yon enspeksyon pa nesèsè. Ajistè w' la pral pale avèk ou de si yon enspeksyon nesèsè.

Kouvèti Estanda

Kontra asirans pèsònèl pwopriyete kay mobil rezidansyèl Citizens la genyen plizyè tip kouvèti estanda. Al gade nan kontra asirans ou a pou kouvèti byen presi ak montan kouvèti a. Ajistè w' la pral revize avèk ou tout kouvèti ak pwoteksyon ou te fè kontra pou yo a nan asirans Citizens ou.

Kouvèti A – Lojman

Kouvri kay ou ak kèk estrikti ki atache. Limit kouvèti asirans yo baze sou valè deklare kay ou a. Kouvèti sou kay mobil oswa kay prefabrike ki te bati anvan 1994 limite dapre lwa Florid la ak valè lajan acha reyèl la.

Kouvèti B – Lòt Estrikti

Kouvri estrikti ki pa atache fizikman ak kay ou (sa vle di,abri depo, garaj detache). Limit kouvèti a se 10% montan Kouvèti A ou a. Pèman pou lòt estrikti sou kontra asirans lojman kay mobil yo redui montan Kouvèti A ou la.

Kouvèti C – Pwopriyete Pèsònèl

Li kouvri valè depresyasyon pwopriyete pèsònèl ou (sa vle di, rad, mèb). Limit kouvèti asirans lan otomatikman se 25% Kouvèti A. Verifye ak ajan w' lan si gen ogmantasyon limit kouvèti ak opsyon ki disponib.

Kouvèti D – Pèt Itilizasyon

Li kouvri depans siplemantè pou viv ak/oswa valè lokasyon jis si kay mobil ou a vin pa ka abite apre yon pèt ki kouvri. Kontra asirans kay mobil yo kouvri valè lokasyon jis sèlman. Pèman pou valè lokasyon jis sou kontra asirans kay mobil yo redui montan Kouvèti A ou a.



Enfòmasyon Anplis

Citizens ka mande dokiman byen presi nan men bank ou, konpayi ipotèk oswa moun ki gen kontra lwaye a. Pou ede pwosesis reklamasyon an mache san pwoblèm, kontakte yo pou idantifye ki dokiman reklamasyon Citizens ka bezwen.

Kouvèti Inondasyon

Kontra asirans Citizens kay mobil ou a pa kouvri domaj ki soti nan dlo k'ap monte (inondasyon, vag, radmare, onn tanpèt, elatriye). Se sèlman asirans inondasyon ki kouvri pri domaj ak pèt inondasyon. Dènye lejislasyon a fè li obligatwa pou pifò moun asire Citizens ki gen kouvèti van pou yo kenbe yon kontra asirans inondasyon. Asirans inondasyon disponib atravè Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon. Kontakte ajan w' la oswa vizite www.floodsmart.gov pou w' aprann plis.

Retire Debri

Kontra asirans ou a kouvri retire debri nan pwopriyete ki detwi epi li antre nan limit Kouvèti A. Kontra asirans MHO-3 ak MW-2 pèmèt yon siplemant 5% pou pèt total. Citizens pral fè kontra avèk yon founisè demolisyon endepandan sou kont nou pou retire debri yo. Nan ka yon pèt total, Citizens oblije posede tit kay mobil lan.